



Maladi Kowonaviris 2019 (KOVİD-19)

Kesyon yo poze souvan sou lokalizasyon kontak

Mizajou, 16 jiyè 2020

Kisa lokalizasyon kontak ye?

Lokalizasyon kontak se pwosesis pou idantifye moun ki ka antre an kontak ak yon moun ki gen yon maladi enfektye. Pwosesis la enplike nan idantifye moun ki enfekte, pou detèmine ak ki moun yo te nan kontak sere pandan yo te enfekte epi mande moun ki potansyèlman enfekte yo rete lakay yo jiskaske li klè yo pa malad.

Pou pandemi kowonaviris la, lokalizasyon kontak yo kòmanse avèk yon entèvyou nan telefòn avèk pasyan ki pozitif ak KOVID-19 epi yo jwenn detay konsènan kontak pasyan an, ki moun yo te kominike avèk yo ak kote yo te ale dènyèmman. Pwochen etap la gen ladann lokalizasyon moun ki te antre an kontak ak moun nan pandan peryòd li kontamine a.

Kisa k ap pase apre lis kontak la fin etabli?

Après entèvyou avèk pasyan ki enfekte a, lòt moun ki te antre an kontak sere avèk moun ki enfekte a pral kontakte pa telefòn ak konsèy yo pral bay konsènan ki jan pou yo mete yo nan karantèn epi kontwòle tèt yo pou sentòm yo.

Pandan karantèn nan moun yo pral kontwòle pa tèks, sondaj sekirite entènèt oswa telefòn epi y ap aktivman refere pou tès si yo devlope sentòm yo. Pwosesis sa a te devlope pou ede yo anpeche pwopagasyon enfeksyon an de moun ak moun.

Poukisa lokalizasyon kontak la nesèsè?

Lokalizasyon kontak se yon zouti esansyèl yo itilize pou diminye pwopagasyon maladi enfektye yo epi li te travay byen pandan lòt ijans sante, tankou pandemi H1N1 nan Amerik la ak epidemi Ebola nan Afrik. Itilizasyon efikas pou lokalizasyon kontak yo se yon etap enpòtan nan diminye kantite ka KOVID-19. An reyalyte, lokalizasyon kontak yo te youn nan "kat konpozan de baz" repons sante

piblik la ki ekri pa Gouvènè Larry Hogan kòm kritik nan relouvri Maryland — ansanm ak sekirite founiti apwopriye nan PPE, pandan y ap elaji tès yo epi asire Maryland te gen ase kapasite pou pran an chaj maladi ki ka enfekte moun nan lopital yo.

Ki moun ki fè lokalizasyon kontak la?

Depatman sante lokal yo nan tout eta a ap fè lokalizasyon kontak yo. Maryland te tou pase kontra avèk NORC nan Inivèsite Chicago, youn nan pi gwo òganizasyon endepandan sou rechèch sosyal nan Etazini, pou ede nan efò yo sou lokalizasyon kontak yo.

Konbyen lokalizatè kontak ki aktivman ap swiv tout mouvman ak pozisyon pasyan yo ki pozitif ak KOVID-19 la?

Maryland kounye a gen plis pase 1.350 lokalizatè kontak k ap travay nan Depatman Sante Maryland epi lòt 24 depatman sante lokal yo pou fè entèvyou ak moun ki te teste pozitif pou KOVID-19 la. Pwogram lan gen kapasite pou lokalize 1,000 ka jiska 10,000 kontak chak jou.

Èske lokalizasyon kontak kapab domaje vi prive mwen epi vyole lwa HIPAA yo?

Non. Lokalizatè kontak yo pran mezi ekstrèm pou pwoteje konfidansyalite pasyan ki enfekte yo ak kenbe fèm respè règleman HIPAA. Pandan yon investigasyon sou lokalizasyon, yo pral avèti yon moun ke li posib pou li te antre an kontak ak yon moun ki enfekte, men non moun ki enfekte a pa divilge.

Ki kalite kesyon yon lokalizatè kontak ta ka poze mwen?

Si yon lokalizatè kontak rele w, yo pral poze kesyon sou sante ou, nenpòt sentòm potansyèl ou ka genyen ak dire sentòm sa yo. Yo ka mande w ki kote w te ye pandan yon peryòd tan espesifik. Si w te gen kontak sere avèk lòt moun pandan tan sa a, yo pral mande pou non ak enfòmasyon moun sa yo. Anketè a pral mande w pou bay enfòmasyon espesifik sou kibò ak kijan ou aji ak lòt moun, kòm yon fason pou konprann ki moun ki kapab enfekte.

Ki kalite kesyon yon lokalizatè kontak p ap janm mande?

Yon anketè kontak p ap janm mande w pou nimewo sekirite sosyal ou, enfòmasyon finansye oswa kont labank, oswa detay pèsònèl ou ki pa gen rapò ak KOVID-19. Nenpòt jan sa ye, yo pa pral mande pou foto oswa videyo. Yo pa pral mande pou kòd ou yo. Yo pa pral mande pou lajan oswa pèman. Yo pral mande pou verifiye dat nesans ou, adrès ou, ak nenpòt lòt nimewo telefòn ou ka genyen.

Si ou te deja teste pozitif pou KOVID-19, yo ka mande w tou dat tè s ou a ak non konpayi asirans ou a kòm verifikasyon adisyonèl.

E si yo rele m, yo di m pou m izole m oswa mete m nan karantèn epi mwen bezwen asistans?

Rele departman sante lokal ou a pou jwenn èd pou ka konekte ak resous departman an ki disponib pou ou a pandan peryòd izolasyon oswa karantèn ou a.

Kòman pou mwen konnen si yon lokalizatè kontak rele m, se pa yon moun k ap anake moun? Èske gen yon fason pou verifye ki moun ki rele a?

Avèk prezans fwod nan telefòn ak lòt fwod, nou konprann repiyans moun yo pou yo reponn kesyon ak tout detay sou yon moun ki rele pou mande enfòmasyon sou mouvman yo epi sou kontak ak zanmi ak moun ki pwòch yo. Tout efò lokalizasyon kontak Maryland yo gen plizyè metòd kote w ka verifye idantite moun ki rele a.

Lè telefòn ou ap sonnen, ID moun k ap rele a ap "MD KOVID" sou ekran ou. Si anketè kontak ou an rele dirèkteman nan NORC oswa departman sante lokal ou a, y ap tou ba li yon lis ki gen plizyè nimewo telefòn pou verifye idantite moun ki rele a.

Èske mwen pral oblije itilize yon "aplikasyon sou lokalizasyon" pou kontwòl mouvman mwen yo?

Non. Maryland pa egzije pou rezidan yo itilize yon aplikasyon, men li kontinye kontwòl nouvo devlopman nan teknoloji yo pou kèk konsiderasyon nan lavni. Lokalizasyon kontak nan Maryland fèt pa telefòn epi pafwa an pèsòn lè li nesèsè. Yo ankouraje sitwayen Maryland yo pou yo patisipe nan efò pou lokalize kontak yo pou ede pwoteje fanmi ak zanmi epi redwi pwopagasyon KOVID-19 la.

MDH ak departman sante distri yo itilize pou lokalize kontak yo yon platfòm dènnye modèl entèn ki rele "Lenk KOVID", ki ede kolekte enfòmasyon sou moun ki teste pozitif pou KOVID-19 ak nenpòt moun yo te antre nan kontak sere avèk yo. Lenk KOVID la te operasyonèl depi 1ye jen 2020.